MINISTÈRE DU PASTEUR CLÉMENT SALOMON · DEVOSYON N°5

Emanyèl

Lannwit Bondye te vin rete nan katye nou an — epi li deside rete.

Men yon istwa anpil nan fanmi nou yo konn viv. Rose se yon enfimyè nan Miami. Lavèy Nwèl, li travay lannwit.

Lakay, nan lavil Okay, manman l ap pare pou sèvis lannwit lan. Rose chonje *fanal* frè l yo te konn fè chak desanm — lantèn an papye ki gen fòm ti kay ak legliz, ak yon bouji k ap klere andedan. Li chonje chante yo nan fènwa a.

Ane sa a, gen yon chèz vid sou tab manman l. Papa l mouri nan prentan. E Rose plis pase de mil kilomèt lwen, l ap konte grenn medikaman anba gwo limyè lopital la.

Vè onzè, limyè chanm 12 la limen. Se Mesye Antoine, yon granmoun ki pa t resevwa okenn vizit pandan tout semèn nan. Li prese antre. « Ou gen doulè? »

« Non, » li di, yon ti jan wont. « Ou okipe anpil? Mwen jis… mwen pa t vle rete poukont mwen aswè a. »

Rose rale yon chèz. Li chita avè l dis minit. Yo pa di anpil bagay. Lè l leve pou l ale, li sere men l: « Mèsi dèske w rete. »

Pandan l ap kondui al lakay li nan granmaten, Rose konprann Nwèl pi byen pase tout lòt fwa. Paske tout istwa Nwèl la pale de Yon Moun ki pa t jis voye yon kat sot byen lwen. **Li te vini. E li te rete.**

Yon siy ki gen yon non

Sètsan lane anvan Betleyèm, Bondye te bay pèp li a yon siy pa mwayen pwofèt Ezayi:

> *« Se poutèt sa, Seyè a li menm ap ba nou yon siy: Gade, jenn fi a pral ansent, l ap fè yon pitit gason, epi l ap rele l Emanyèl. »*
>
> **Ezayi 7:14**

Plizyè syèk pase. Apre sa, yon zanj pale ak yon chapantye ki te gen tèt chaje, ki te rele Jozèf. Mari t ap tann yon pitit, e pitit sa a te soti nan Sentespri. Zanj lan di Jozèf ki non pou l ba li, epi Matye esplike sa tout sa vle di:

> *« L ap fè yon pitit gason, w ap rele l Jezi, paske se li ki pral sove pèp li a anba peche yo… Gade, jenn fi vyèj la pral ansent, l ap fè yon pitit gason, y ap rele l Emanyèl, ki vle di: Bondye avèk nou. »*
>
> **Matye 1:21, 23**

De non. De pwomès. **Jezi** — li sove. **Emanyèl** — Bondye avèk nou. Se pa yon Bondye anlè nou k ap gade sot byen lwen. Se pa yon Bondye kont nou k ap tann pou l pini. *Bondye avèk nou.*

Yon Pitit ki gen non ki pi gwo pase lemonn

Ezayi te wè pi lwen toujou. Li wè yon tibebe — epi li wè kiyès tibebe sa a te ye vre:

> *« Paske yon pitit fèt pou nou, yo ban nou yon pitit gason. Otorite a ap repoze sou zepòl li. Y ap rele l: Mèvèy, Konseye, Bondye ki gen fòs la, Papa ki la pou tout tan an, Prens lapè a. »*
>
> **Ezayi 9:5**

Li l dousman. Yon *pitit* fèt — li se yon moun toutbon. Yo ban nou yon *Pitit gason* — li se kado Bondye ki soti nan syèl la. Ti men ki t ap sere dwèt Mari yo, se menm men ki te fè zetwal yo (Jan 1:3). Men mèvèy Nwèl la: Bondye ki gen fòs la vin piti ase pou yo pote l nan bra.

Pi piti bouk la, pi ansyen pwomès la

Bondye te menm di pèp li a *ki kote* sa t ap rive:

> *« Men ou menm, Betleyèm Efrata, ou piti pami milye fanmi Jida yo, se nan ou moun ki pral dirije pèp Izrayèl la pral soti pou mwen. Orijin li remonte nan tan lontan, depi nan*

> *jou letènite yo. »*
>
> **Miche 5:1**

Remake de bagay. Premye bagay: Betleyèm te *piti*. Bondye renmen fè gwo bagay nan ti kote — yon ti bouk, yon manjwa bèt, yon kè ki santi moun bliye l. Dezyèm bagay: Chèf ki fèt la a gen yon orijin ki remonte *« depi nan jou letènite yo »*. Lavi li pa t kòmanse Betleyèm. Se sèlman lavi li kòm moun ki te kòmanse la. Pitit Bondye ki la pou tout tan an antre nan tan an.

Pa t gen plas

Lik rakonte nou anpi a te pase yon lòd. Tout moun te oblije vwayaje pou al enskri non yo (Lik 2:1-5). Kidonk Jozèf ak Mari mache rive Betleyèm, lwen lakay yo, paske yon gouvènman te mande sa.

Anpil nan nou konnen istwa sa a pa kè: papye, biwo, gwo liy pou tann, ak yon nouvo vil kote pèsonn pa konn non w.

> *« Li fè premye pitit gason l lan, li vlope l nan kouchèt, li kouche l nan yon manjwa bèt, paske pa t gen plas pou yo nan lotèl la. »*
>
> **Lik 2:7**

Pa t gen plas. Wa syèl la fèt nan mitan bèt, e premye kabann li se te yon manjwa. Si w janm santi pa gen plas pou ou — pa gen plas nan fanmi an, nan peyi a, nan legliz la — chonje sa: **Jezi konnen santiman sa a depi premye nwit lavi li.**

Yon bon nouvèl pou moun k ap travay lannwit

Ki moun ki te tande nouvèl la an premye? Se pa wa a. Se pa prèt yo. Se travayè.

> *« Te gen kèk gadò mouton nan zòn sa a ki t ap pase nwit lan deyò nan jaden pou veye bann mouton yo. »*
>
> **Lik 2:8**

Mesye k ap travay lannwit, fatige, frèt, ki gen sant mouton sou yo. E syèl la vin klere anlè tèt yo:

> *« Pa pè! Paske m vin anonse nou yon bon nouvèl k ap fè tout pèp la kontan anpil: jodi a, nan lavil David, yon Sovè fèt pou nou, se Kris la, Seyè a. »*
>
> **Lik 2:10-11**

Fèt pou nou. Se pa pou gran nèg sèlman. Pou gadò mouton. Pou enfimyè. Pou chofè, pou moun k ap netwaye, pou elèv, pou grann. Pou *tout pèp la*. Apre sa, tout syèl la pran chante:

> *« Glwa pou Bondye nan syèl la anwo nèt, e lapè sou tè a pou moun li renmen yo! »*
>
> **Lik 2:14**

Bondye vin rete nan katye nou an

Jan rakonte Nwèl san manjwa, san zetwal. Li rakonte l nan yon sèl fraz:

> *« Pawòl la tounen moun, li vin rete nan mitan nou, li te plen favè ak verite. Nou wè glwa li, glwa sèl Pitit Papa a genyen an. »*
>
> **Jan 1:14**

Mo Jan sèvi pou *« rete »* a vle di « moute tant li ». Bondye moute tant li bò kote pa nou. Li aprann mache. Li travay ak men l. Li te grangou, li te bouke, li te tris. Li konnen lari nou.

E li vini nan bon moman an egzakteman:

> *« Men, lè lè a rive, Bondye voye Pitit li. Li fèt nan vant yon fanm, li fèt anba lalwa, pou l te ka delivre moun ki te anba lalwa yo, pou nou te ka resevwa adopsyon kòm pitit. »*
>
> **Galat 4:4-5**

Poukisa li te vini? Pou l mennen nou tounen. Pou l *adopte* nou. Nwèl vle di ou pa yon etranje pou Bondye. Grasa Jezi, ou ka fè pati fanmi li.

Jouk anba nèt

Manjwa a pa t fen desant li. Se te premye mach eskalye a sèlman:

> *« Li pito dezabiye tèt li, li pran fòm yon sèvitè, li vin tankou moun. Lè li parèt tankou yon moun, li desann tèt li toujou, li obeyi jouk li mouri, wi, jouk li mouri sou yon kwa. »*
>
> **Filipyen 2:7-8**

Depi manjwa a rive sou kwa a, Jezi pa t janm sispann vin pi pre — jouk anba nèt, kote nou ye a, jouk nan lanmò li menm. Bwa manjwa a montre nou bwa kwa a. Li te fèt pou l te ka mouri pou nou. E li resisite pou nou ka viv avè l pou tout tan.

Pou chèz vid la

Petèt sezon sa a difisil pou ou. Petèt ou lwen lakay ou. Petèt gen yon chèz vid sou tab ou, tankou pa Rose la. Nwèl pa efase doulè sa a. Men li di w yon bagay ki vre sou li: **Bondye pa t rete lwen lapenn ou.** Li antre ladan l.

E Emanyèl pa t ale lè l tounen nan syèl la. Anvan li monte, Jezi te pwomèt:

> *« Epi tande: m ap la avèk nou chak jou, jouk nan lafen monn lan. »*
>
> **Matye 28:20**

E istwa a poko fini. Pitit Betleyèm nan se Sovè ki te di: *« m ap tounen vin chache nou pou nou ka la avè m »* (Jan 14:3). Premye fwa, li te vini tankou yon tibebe nan yon manjwa. Pwochen fwa a, l ap vini nan glwa — e jou sa a, chak chèz vid nan pèp Bondye a pral gen moun chita ladan l ankò (1 Tesalonisyen 4:16-17).

Yon ti pawòl ak dousè sou dat la: Bib la pa di nou ki jou Jezi te fèt. 25 desanm se yon dat legliz te chwazi anpil tan apre, se pa yon dat Ekriti a bay. Sa ki enpòtan se pa kalandriye a, se Moun nan: Bondye te vini toutbon, e li sove toutbon. Sezon sa a se jis yon moman kote anpil kè louvri pou tande istwa a.

Eseye sa: fè plas sezon sa a

- **Li istwa a byen fò:** rasanble fanmi w, kit nou ansanm, kit se sou yon apèl videyo, epi li Lik 2:1-20 ansanm. Kite timoun yo li pawòl zanj lan.

- **Fè plas pou yon moun:** lotèl la pa t gen plas. Ou menm, ou ka fè plas. Envite yon moun ki pral poukont li — yon vwazen, yon kòlèg travay, yon granmoun nan legliz la — pou n pataje yon repa, yon apèl oswa yon lapriyè.
- **Priye non an:** chak maten semèn sa a, kòmanse ak yon fraz: *« Emanyèl, ou avè m jodi a. »* Apre sa, nonmen kote w pi bezwen l lan.

Kè mesaj la: li te rete

Mesye Antoine pa t bezwen yon diskou nwit sa a. Li te bezwen yon moun ki rete. Rose te ba li dis minit ak yon chèz.

Bondye ban nou pi plis toujou. Li bay Pitit li. Jezi pa t vin vizite mond nou an pou yon aswè; li viv lavi nou, li pote peche nou, epi li pwomèt li p ap janm kite nou. Men bon nouvèl Emanyèl la: **ou pa poukont ou aswè a.**

Kidonk fè plas pou li. La menm kote w ye a — nan lopital, nan kizin nan, nan yon ti apatman lwen lakay — di l: *« Jezi, gen plas pou ou isit la. »* Sa gen lontan l ap tann pou l antre.

Anvan w fèmen paj sa a — yon kesyon

Èske gen plas pou Jezi nan lavi w sezon sa a? Oswa èske li sanble lwen, tankou yon istwa ki pase depi lontan?

Ou pa bezwen chèche konprann poukont ou. Se ta yon onè pou nou priye avè w, louvri Bib la avè w, epi ede w rankontre Jezi ki te vin pre a — e ki pre ou jodi a.

Èske w ta renmen konnen plis sou Jezi, etidye Bib la, oswa ale pi fon nan sijè sa a? Kontakte nou jodi a:

📞 **903-748-9353** · ✉️ **jils19802012@gmail.com**
Oswa kite yon kòmantè, voye yon mesaj prive ban nou, epi **abòne + swiv** nou sou YouTube ak Facebook.

K ap vini talè nan bibliyotèk gratis la: *« Yon ane tou nèf ak Bondye »* — kijan pou w antre nan yon nouvo ane (epi kite ansyen an dèyè) ak Bondye ki gen mizèrikòd ki renouvle chak maten. Abòne kounye a pou l rive jwenn ou jou li soti a — si w tann, se ou ki pral oblije al chache l. 🔔

PATAJE SA AK YON MOUN KI LWEN LAKAY LI

TELECHAJMAN GRATIS · KENBE & PATAJE

Fèy pou patisipan yo

Emanyèl — vèsyon pòch

5 verite pou w chonje

1. Emanyèl vle di « Bondye avèk nou », e Jezi vle di li sove — de non sa yo te pwomèt e yo vin akonpli (Ezayi 7:14; Matye 1:21-23).
2. Pitit ki fèt Betleyèm nan se yon moun toutbon epi li se « Bondye ki gen fòs la »; lavi li pa t kòmanse la, orijin li remonte « depi nan jou letènite yo » (Ezayi 9:5; Miche 5:1).
3. Jezi fèt kote « pa t gen plas », e premye bon nouvèl la te ale jwenn gadò mouton k ap travay lannwit — bon nouvèl la se pou tout pèp la (Lik 2:7-11).
4. Pawòl la tounen moun, li « vin rete nan mitan nou » pou l delivre nou e pou l adopte nou nan fanmi Bondye (Jan 1:14; Galat 4:4-5).
5. Depi manjwa a rive sou kwa a li desann jouk anba nèt, e li pwomèt l ap la avè nou chak jou epi l ap tounen (Filipyen 2:7-8; Matye 28:20; Jan 14:3).

Vèsè pou aprann pa kè

> *« Y ap rele l Emanyèl, ki vle di: Bondye avèk nou. »*
>
> **Matye 1:23**

Reflechi & priye

- Ki kote nan lavi m Bondye sanble lwen — e kisa ki chanje si li vrèman « avèk nou » la a?
- Èske gen yon kwen nan kè m kote m te di Jezi, tankou lotèl la: « pa gen plas »?
- Ki moun ki pral poukont li sezon sa a, e kijan m ka fè plas pou li?

POU ANSEYAN & TI GWOUP

Fèy pou moun k ap prezante a

- **Kòmanse ak istwa a** (yon istwa pou egzanp: Rose, enfimyè k ap travay lannwit lavèy Nwèl, lwen lavil Okay, ak malad ki poukont li a ki mande l rete) — mande: « Ki lè prezans yon moun te vo plis pou ou pase nenpòt kado? »
- **Pwen 1 — Yon siy ki gen yon non:** Ezayi 7:14; Matye 1:18-23. Jezi = li sove; Emanyèl = Bondye avèk nou.
- **Pwen 2 — Non ki pi gwo pase lemonn:** Ezayi 9:5 (Ezayi 9:6 nan KJV ak Reina-Valera). Yon pitit ki fèt (moun toutbon), yon Pitit gason yo bay (Bondye toutbon); Jan 1:3.
- **Pwen 3 — Pi piti bouk la, pi ansyen pwomès la:** Miche 5:1 (Miche 5:2 nan KJV ak Reina-Valera). Bondye travay nan ti kote; Kris la la « depi nan jou letènite yo ».
- **Pwen 4 — Pa t gen plas:** Lik 2:1-7. Fè lyen ak moun ki imigre ak tout moun ki te santi yo pa byenveni.
- **Pwen 5 — Yon bon nouvèl pou moun k ap travay lannwit:** Lik 2:8-14. Premye anons lan te ale jwenn travayè; « pou tout pèp la ».
- **Pwen 6 — Bondye vin rete nan katye nou an:** Jan 1:14 (« rete » = moute tant li); Galat 4:4-5 (delivrans ak adopsyon).
- **Pwen 7 — Jouk anba nèt:** Filipyen 2:5-8. Manjwa a montre kwa a ak tonm vid la.
- **Pwen 8 — Pou chèz vid la:** Matye 28:20; Jan 14:3; 1 Tesalonisyen 4:16-17. Remake: Bib la pa bay dat Jezi te fèt; sa ki konte se Moun nan, se pa kalandriye a.
- **Pratik:** li Lik 2:1-20 byen fò an fanmi; fè plas pou yon moun ki poukont li; priye « Emanyèl, ou avè m jodi a ».
- **Apèl:** envite chak moun fè plas pou Jezi nan kè yo jodi a. Ofri lapriyè ak etid biblik.
- **Fèmen:** vèsè pou aprann pa kè (Matye 1:23) + anonse pwochen devosyon an, « Yon ane tou nèf ak Bondye ».

BAZE SOU PRÈV · VERIFYE

10 mit ak verite

Mit	Verite (ak Bib la)
1. Bib la di Jezi te fèt 25 desanm.	Bib la pa bay okenn dat. Lik rakonte kijan sa te pase (Lik 2:1-7), li pa di ki jou. Sa ki konte: « lè lè a rive, Bondye voye Pitit li » (Galat 4:4).
2. Jezi te kòmanse egziste Betleyèm.	« Orijin li remonte nan tan lontan, depi nan jou letènite yo » (Miche 5:1); « Nan kòmansman, Pawòl la te la deja… e Pawòl la se te Bondye » (Jan 1:1-2).
3. Jezi te jis yon bon moun oswa yon gwo mèt.	Ezayi rele l « Bondye ki gen fòs la » (Ezayi 9:5), e « Pawòl la se te Bondye » (Jan 1:1) — men li te yon moun toutbon tou: « Pawòl la tounen moun » (Jan 1:14).
4. Bondye twò lwen pou l okipe moun ki pa enpòtan.	Premye anons lan te ale jwenn gadò mouton k ap travay lannwit (Lik 2:8-11). Non li se « Bondye avèk nou » (Matye 1:23).
5. Kè Nwèl la se kado ak fèt.	Kè Nwèl la se yon Sovè: « jodi a… yon Sovè fèt pou nou, se Kris la, Seyè a » (Lik 2:11); « Bondye sitèlman renmen lemonn, li bay sèl Pitit li a » (Jan 3:16).
6. « Bondye avèk nou » te vre sèlman sa gen 2 000 an.	Jezi te pwomèt: « m ap la avèk nou chak jou, jouk nan lafen monn lan » (Matye 28:20).
7. Istwa manjwa a se pou timoun sèlman.	Pitit nan manjwa a « desann tèt li toujou, li obeyi jouk li mouri, wi, jouk li mouri sou yon kwa » (Filipyen 2:8). Betleyèm mennen nan Kalvè.
8. Fòk ou enpòtan oswa rich pou w byenveni bò kote Jezi.	Yo kouche l nan yon manjwa paske « pa t gen plas » (Lik 2:7); « li te rich, men li fè tèt li pòv pou nou » (2 Korentyen 8:9).
9. « Lapè sou tè a » vle di moun ki kwè yo p ap gen pwoblèm ankò kounye a.	Jezi te di: « Nan lemonn, n ap gen tribilasyon. Men, pran kouraj! Mwen genyen batay la sou lemonn » (Jan 16:33). Li ban nou lapè ak Bondye (Women 5:1) nan mitan pwoblèm yo.

10. Istwa a fini Betleyèm.	Jezi te pwomèt: « m ap tounen » (Jan 14:3); « l ap parèt yon dezyèm fwa… pou sove moun k ap tann li yo » (Ebre 9:28).

Kote sa soti (Sous)

Devosyon sa a baze sou Bib la epi li reflete kwayans Legliz Advantis Setyèm Jou a pibliye. Verifye tout bagay pou tèt ou:

- Bib la — pasaj sou vini Kris la: Ezayi 7:14; Ezayi 9:5; Miche 5:1; Matye 1:18-23; Matye 28:20; Lik 2:1-20; Jan 1:1-3, 14; Jan 3:16; Jan 14:3; Jan 16:33; Women 5:1; 2 Korentyen 8:9; Galat 4:4-5; Filipyen 2:5-8; 1 Tesalonisyen 4:16-17; Ebre 9:28 (vèsè yo tradui fidèlman an kreyòl dapre tèks biblik ki nan domèn piblik). Remake: Ezayi 9:5 ak Miche 5:1 nan Bib kreyòl la ak Louis Segond se Ezayi 9:6 ak Miche 5:2 nan KJV ak Reina-Valera.
- Kwayans Fondamantal Advantis nº4, « Pitit la » (Bondye Pitit ki la pou tout tan an vin moun nan Jezikri, vrè Bondye e vrè moun) — kwayans ofisyèl yo: https://adventist.org/beliefs
- 28 Kwayans Fondamantal yo (edisyon 2020, PDF): https://adventist.org/wp-content/uploads/2020/06/ADV-28Beliefs2020.pdf
- Konferans Jeneral Advantis Setyèm Jou yo: https://gc.adventist.org/
- Ellen G. White, *The Desire of Ages* (*Jésus-Christ*), chapit 1, « Bondye avèk nou », ak chapit 4, « Yon Sovè fèt pou nou », domèn piblik: https://whiteestate.org/ / https://m.egwwritings.org/
- Nan bibliyotèk sa a: *« Ki moun Jezi ye vrèman? »* ak *« Espwa apre pèt »* — https://pasteurclementsalomon.org/resources.html · Kesyon? https://pasteurclementsalomon.org/faq.html

---

Ministè Pastè Clément Salomon — N ap pwoklame Jezi jiskaske Li tounen.
pasteurclementsalomon.org · 903-748-9353 · jils19802012@gmail.com
Konfidansyalite · Kondisyon
Ministè endepandan — li pa afilye ofisyèlman ak Konferans Jeneral Advantis Setyèm Jou yo, ni li pa apwouve pa li. Ankourajman espirityèl sèlman; se pa konsèy medikal, legal oswa finansye pwofesyonèl — konsilte yon pwofesyonèl kalifye; nan yon ijans rele 911.
Ou ka enprime e pataje devosyon sa a gratis.
© 2026 Ministère du Pasteur Clément Salomon. Tout dwa rezève. Bay gratis pou itilizasyon pèsonèl ak ministè — tanpri pataje l san chanje l epi avèk kredi; itilizasyon komèsyal oswa revant pa pèmèt. Tèks biblik yo soti nan tradiksyon ki nan domèn piblik; ekri Ellen G. White yo nan domèn piblik.